ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХЕКIУАТЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№12 (21.920) ● 2011 гъэм щIыIыпIэм (январым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм Домодедовэ къыщыхъуар ягу щIыхьащ

ДОМОДЕДОВЭ аэропортым террористхэм щIыпэхьаджагъэм и зэран зэкIалхэм, абы хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ ихуэгугъэвращ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен:

-Къэбэрдей-Балъкъэрым нс псоми я щIэкIэ гущIыхьэ сщIыхьуэу сахуогуэвэ а хьэкIажьхьуэкIагъэ Iуэхум и зэранкIэ зи благъэхэр зыфIэкIуэдахэм, фэбжь зыгъэуэтахэм. Къэрал псом щыгъуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрри мэщыгъуэ лажьэншэу кIуэда щIыхэхэм папщIэ. Апхуэдэ террорист Iуэхуэхэр кIыхьзэгъэпэщхэмрэ зыгъэзащIэхэмрэ къуаншагъэр зэращхьэщыпхьи тегъэщIапIэ щIыпIэкъым, щIынкIи Iэмал иIэкъым. Сэ шэч кIыутекIхьаркъым абыхэм ящхьэщэ зэрапылсыжьынум».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапли.

Кавказым щыпсэухэм хьэрычэт щIэным ухурагъэджэжынщ

Кавказым щыIэ политикэм иужьрей илъэсым зэрызихъуэжам теухуауэ Хлопонин Александр къиIуатэ гупсысэкIэ

Илъэс прикIуащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэр кIыхьзрызэрагъэпэщIрэ. 2010 гъэм щызышIэм и 19-м республикэу 6-рэ Ставрополь крайнрэ Ищщэ федеральнэ округым хагъэкIри зы ящIащ. Кавказыр иджы зыхуэкIуэм теухуауэ «Известия»-м и корреспондентым епсэлъащ Урысей Федерацэм и вице-премьер, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр.

- Иужьрей илъэсым Кавказ Ищхьэрэмрэ Урысей псом гу зыльытапхъэ Iуэхугъуэ куэд кIыщыхьуащ, арщхьэкIэ фи пщэм кIраулъхьа щIыналъэм узыгъэгузавэ хьыбархэу кIыкIыр мащIэкъым...

- Мыпхуэдэу дызэгурыыбгъуэ. Кавказ Ищхьэрэр Урысейм и дежкIэ - хуабжьу гуэвэгъуэ Iуэхугъуэхэр иужьрей лъэхъэнэм кIыщыхьуа щIыналъэщ. Псом япэрауэ, щэшэн зауиIыр, Кавказ псом щыщыIэ щытыкIэм дамыгъэ ин тезыдзар, икIи ар кIыдзмыпытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Нобэ кIэ Кавказым Iэщэ куэд щыIэхуэхьэсащ, щIэпхъаджагъэхэр зылэжь террорист гупхэр щымащIэкъым. Абы кIыхькIыу Кавказыр - дыхуейми-дыхуэмейми - щытщ хьыбар мыфэмыщхэр кIыхьзэкIыбн щIыпIэуикIи дэ сыт щыгъуи кIыхьзэрагъэщIащ, абы Iуэхур щыткIийщ. ИтIани сэ жьисIэфынукъым щытыкIэм зимыхьэужу. Къаурэхьэ Iэнатlэ-хэм ехьулIэныгъэ пIуухыкIахэр яIэщ. Къапщтэмэ, 2010 гъэм кIуифыдIэу террорист Iуэхугъуэхэм я бжыгъэм процент 20-кIэ хэщIащ. Ар хуабжьу узыгъэгушхуэщи ищIыкIыхьэт тохьуэ Кавказым террористхэр щыгъэжIуэдэным и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрекIуэкIам. АрщхьэкIэ, дауи, тебгъэчыныхьыфынукъым мы Iуэхугъуэм дэ кIэ еттауэ.

- Иужьрей лъэхъэнэм хьыбар нэхъ узыгъэпIейтейхэр къыкIэ хуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым. КъэпщытакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, абы щытыкIэр щызэщIопльэ. Сыт ар къызыхэкIар?

- «ЩытыкIэр кIыхьзэщIопльэ» жиIуэфIэм кIыигъэкIыр сыт? Фэ фщIэрэ Басаев Щамил мы щIыпIэм кIыхьзэрыщащхуэр икIи зэгурыIуэ жиIауэ зэрыщытар: сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щысщам зэи зихьужьыныкъым, дэ абы игъащIэкIэ ди тепщэныгъэр щыдгъэуващ. Къэбэрдей-Балъкъэрым узыгъэпIейтей щыIпIэу 2 иIэщ - ахэр Бахьсэн, Iуащхьэмахуэ куейхэщ. Нобэ дэ хуабжьу долажь абыхэм Iуэхугъуэ щыдгъэтэмэкIыжыну. Сыщогугъ зэман гъунэгъуэм Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зедгъэхьуэныну. Хабзэхьумэ органэнэрэ къаруэзэхьэ Iэнатlэхэмрэ нобэкIэ хьарзынэу зэгуроIуэ икIи ахэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм зэрыщыгу тэмэму щызэдолажьэ.

- Куэд щIакъым зэщыIей къэмыхъун папщIэ чэнджэщхэр кIыхьзэлIхьэну. Кавказ Ищхьэрэм и гугъуехьхэр зыгъэбелджылыну къэпщытакIуэ гуп кIыхьзгъэпщынкъ хуейуэ гупсысэ кIыхьзрыхэпльхьэрэ. Зи гугъу пщIар Мамеж утым кIыщыхьуа зэщIэхъеенигъэм и ужькIэ Iэмал имыIэу зэлэжьыпхъэу къэувалъэпкъ зэхущытыкIэхэра, хьэмэ нэгъэщI зыгуэр?

- Кавказым и зыужьыныгъэм хэль гугъуехьхэм я кьежьапIэр куущ. Мыбдежьм зи гугъу сщIыр лъэпкъ, гъунапкъэ, Iэпхъуэшапхъуэ, щIы зэпэрыдыIи Iуэхухэм я закъуэкIым, апхуэдэхэр дэтхэнэ республикэми къыщохьу. Ахэр абыхэм щIэныр къалъсащ, я щIыналъэхэм тэмэму зэрызмыуажьам, Кавказым щекIуэкIа зауэхэм я зэранкIэ.

Дэ зи гугъу тщIын хуейр къыптпэщIыльэрщ. Кавказым и экономикэм щекIуэкI зыужьыныгъэм утепсэльыхь хьунукъым бжыгъэ защIэкIэ. Инвестицэ проект инхэр къыхэплъхьэн и пэ кьихуэу, щIыналъэм и зыщхьэщыкIыныгъэр - лъэпкъ зэхуущытыкIэхэр, цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къыззэрызэгъэпэщащ, Iулъхьэ тынкъеIыхьыным зэрызиубгъуар, политикэ щытыкIэр - къэпльитапхъэщ. Абы кIыхьэкIыу къэпщытакIуэхэм ди пащхьэ кIэралъхьаехэм фIыуэ зыщыдмыгъэгъуэзауэ экономикэ кьалэнэхэм я закъуэ тедгъэщIэныр захуагъэкъым. Араущ щхьэусыгъуэ хуэхъуар зи гугъу тщIа Iэнатlэр кIыззгъэпэщыным. Ар щIэныгъэ институтхэм, атIэ мылькур зи лъабжьэу щымыт зэрдэлэжьэныгъэщ е фонд тепщэныгъэщ (иджыпсту дэ абы долэжь), къэхутэныгъэ центр зэмылIэужьыгъуэхэм Кавказым и Iуэхугъэ щылажьэ экспертхэр кьыхэтщу кьетшэлIэну. ИкIи абыхэм гъэсу кардтэр - дэтхэнэ зы гугъуехьри зэрыцэфIэкIынур къэзыгъэлъагъуэ Iамалыр - тIуэзмахуэзэрэфынут. СызэрикIуагъэмкIэ, мы илъэсым и пIэ Iыхьэм и кIэуэм апхуэдэ къэпщытакIуэ гуп кIыхьзэгъэпэщыфынущ.

- ФЭ фызэрепльымкIэ, сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар иджыблагъэ Москва къыщыхъуа лъэпкъ зэпэщIыуэзэм? Ар кьызэрыуэкI Iуэхугъуэ, хьэмэрэ, апхуэдэу зыгъэIэнщи, кавказ ищхьэрэ республикэхэм кьыкIахэм кьалащхьэмрэ ардей щыIэпIэхэмрэ щыкIэнщэу зэрызыщащым кьыхэкIа?

- КьызэрызыщыхьумкIэ, Президент Медведев Дмитрийрэ Правительствэм и Унафэщ Путин Владимиррэ абы теухуауэ жаIам нэхьрэ нэхьыфI сэ схужьIэнукъым. Пэж дыдэу, дэ идеологие гъущэкIэ убзыхуа социалист къэралыгъуэ уху кIэм дыкьыхэхIри, нэгъуэщI къэрал зыужьыкIэм дыхьыащ, унафэ щыкIэри Iуэху зехьэкIэри зыкIи щызэтемыхуэу, ИкIи псори дыкьыщэщIэзыубыдэ совет цIыхубзм и идеологием дыкьыпльыкIыу дэ нэгъэщI зэкIэ кьытхуэгупсысакьым. Си гугъэжьым лъэпкъ псоми кьащхьэщыт гупсысэ ехьэжьа гуэр кьыхэтпльхьэн уейуэ, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, ар узыгъэгупсысэщ. Дэ дыхуэмыхьэзыру кьыщIэкIащ апхуэдэ зэхьэжькIыныгъэхэм. Араущ гугъуехь инхэм дыщIыхэтри.

(КIэуахр 2-нэ нап. итщ)

● Хъыбар гуапэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм и унафэщI Грызлов Борис Алэкъэ Роза диплом ирет.

Ди гъэсапIэхэр нэхъыфIхэм хабжэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым иригъэкIуэкIа «Сабий гъэсапIэхэр - сабийхэм» зэпеуэм и кIэух Iыхьэм къыхэжаныкIахэм яхэтщ Шэджэм етIуанэ къуажэм дэт курыт школ №3-м и сабий гъэсапIэмрэ Прохладнэ щыIэ I-нэ курыт школым кьепха гъэсапIэм и лэжьакIуэ Толстопятовэ Людмилэрэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР унэтIыныгъэу блыкIэ гуэшауэ екIуэкIащ икIи УФ-м и щIыналъэ псомищыщ гъэсакIуэ мини 6 хэтащ. Апхуэдизу цIыхурэ Iуэхущ Iапли эрэ зыхэта зэпеуэм «Къуажэ сабий гъэсапIэ нэхъыфI» унэтIыныгъэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Шэджэм ЕтIуанэ дэт IуэхущIапIэм (унафэщIым и къуэдзэр Алэкъэ Розэщ), апхуэдэуи «ГъэсакIуэ нэхъыфI» унэтIыныгъэм щызэпеуахэм я деж ещанэ щыхъуащ Прохладнэ къалэм дэт сабий гъэсапIэм и лэжьакIуэ Толстопятовэ Людмилэ.

Ди лъахэгъуэм я дипломхэмрэ ахъшэ сагутэхэмрэ (сом мин 50 - Шэджэм ЕтIуанэ дэт сабий гъэсапIэм, сом мин 25-рэ - Толстопятовэм) кьаритыжащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Iэтащхьэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм и унафэщI Грызлов Борис.

Зэпеуэм щытекIуахэр Къэрал Думэм щагъэлъэпIащ. ГъэсакIуэ нэхъыфIхэм щехъуэхъуэм Грызловым жиIащ 2011 гъэм и бюджетыр щызэхагъэувэм сабий гъэсапIэхэр егъэфIэкIуэным ахъшэ зэрыхухахар.

- А Iуэхур куэд щIауэ зи пщэрылъыр щIыналъэхэмрэ куейм и администрацэхэмрэщ, ауэ абы къыщымынэу, дэ сом мелуан 500 абы хуэдэ тIыпщыну дыззэгурыIуащ. Ар ахъшэшхэм къым, ауэ Iуэхур зэрежьам и щыхьэт наIуэщ, - къыхигъэщащ Грызловым.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Бзаджэнаджагъэм и Iуэжьхэр

ЩIышылэм и 24-м и щыхьэщхьэм Домодедовэ аэропортым щалIэжьа террорист щIэпхъаджагъэм дуней псор тощхьлъхьэ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, абы хэкIуэдащ цIыху 35-рэ, фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр хахащ 180-м. Кьагъуэ лагъымым тротил килограмми 5-м и лъэщагъ иIащ.

Яныныкъуэ газетхэм ятхэ щIэпхъаджагъэр зы цIыхухъуэр зы щIыхуэбзэр ялъэжьа хуэдэу, арщхьэкIэ хабзэхьумэхэм кьаIыбгъэ ар зэхэзыщIыхьар зы цIыхуэу.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий жиIащ щIэпхъаджагъэ кьызэрагъэхъуам щхьэкIэ аэродромым и щынагъэншагъэм кIэлыплъхьэм жэуап яхьын хуейуэ.

Бут зыхуагъэткIий

Урысей хъярыгъэщIэ лэжьакIуэ Бут Владимир США-м и лъэхъэщхэм ящыщ щы ткIийуэ щаIыгъщ. Иджыри кьлъсэ зэ закъуэ и унагъэр прагъэлъэгъуауэ ираущ.

Бут и Iуэхухэр тэмэму зезыгъэкIуэн уэчылыщIэ кьищтэну и мурадщ.



♦ **Таможнэ лэжьакIуэм и дуейпсо махуэщ.** 1953 гъэм щIышылэм и 26-м Брюссель щыщIэзыгъэпэщащ Таможнэ зэдэлэжьэныгъэм и совет. 1983 гъэлъандэрэ ягъэтлащIэ.

♦ **Австралием и лъэпкъ гуфIэгъэщ** - Австралием и махуэщ (1788).

♦ **Индие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ** - Республикэм и махуэщ (1950).

♦ Илъэс 55-рэ и пэкIэ (1956) Совет Союзым Финляндием иритыжащ Порккал-Удд щIналъэр.

♦ Илъэс 55-рэ и пэкIэ (1956) Кортино-д Ампеццо (Италие) кьыщызIуахащ СССР-м и щIалъхэмрэ хьыджэбзхэмрэ япэу зыхэта VII щIымахуэ Олимпи Джэгуэр. Ди спортсменхэр япеуакъым мылым кьыщцIыкIыхьнымкIэ, лъэрыжэкIэ кьызэдзэжнымкIэ, бобслейкIэ кьежэхынымкIэ. ИтIани совет командэм япэ увыпIэр олимпиадэм щиубыдащ.

♦ ЩIышылэм и 26 - мазаем и 1-хэм Москва областым щекIуэкIынущ Архив кином и «Пкъо хуэхъэр» урысейпсо фестивальр.

♦ ЩIышылэм и 26 - мазаем и 6-хэм Роттердам щекIуэкIынущ 40-нэ дунейпсо кинофестивальр.

♦ 1944 гъэм Аруан куейр кьызэрагъэпэщащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, КъБКъУ-м и проректор **Тау Хьэзешэ.**

♦ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткIэ, КъБР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ** кьыщалъхуа махуэщ. 2004 гъэм дунейм ехьжащ.

Иджыпсту зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэд.**

Къулыкъуэр

Мэкъумэш Iэнатlэм и министр Къаздэхъу Альберт

КъБР-м и Президентым 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м кьыдигъэкIа УказымкIэ республикэм мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министру игъэуващ Къаздэхъу Альберт Билал и къуэр.

Къаздэхъу Альберт 1967 гъэм Исльэмей къуажэм къыщалъхуащ. Техникэ щIэныгъэхэмкIэ егъэджакIуэ Iэщ Iагъэ иIэу 1993 гъэм КъБКъУ-р къиухащ.

Студенту абы «Къэбалъкъуабзэнерго» Iуэхущ Iапли эмкIэ щыщIидзащ, диплом кьрата нэужь инженер, иужькIэ генеральнэ директорым и къуэдзэ хуащ. 1999 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и минерал псыхэр» предприятэм и генеральнэ директорым и къуэдзэу игъэуващ, а кьулыкъу дыдэр иIыгъуу «Къэббалъкъалхо» компаниеми щыIэжащ.

2002 гъэм Къаздэхъу Альберт Нарткъалэ спирт заводым и генеральнэ директорым и кьулыкъум пэрыуващ, илъэсиплI дэкIри «Дохьушькъуей» ерыськъы комбинатым и Iэтащхьэ хъуащ. «ТПК «Инвест Бизнес» ООО-м и унафэщIым и кьулыкъум Iуашри, гъэззщIакIуэ властым и организэм лэжьакIуэ ягъэкIуащ.

2007 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ Къаздэхъу Альберт Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэу лэжьащ. 2010 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министру ягъэуащ.

Ухуэныгъэмкlэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр Къэлытырбей Хьэчим

КъБР-м и Президентым 2011 гъэм щыщIыпIэм и 14-м кьыдигъэкIа Указымкlэ республикэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министру игъэуващ Къэлытырбей Хьэчим МэчрэIил и къуэр.

Къэлытырбей Хьэчим илъэс 52-рэ и ныбжьщ, КъБР-м и Дзэлыкъуэ районым хыжьэ Шордакъ къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр «инженер-ухуакIуэ», «экономист» Iэщ Iагъэхэмкlэ кьиухащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэригъэгъуэта нэужь, дзэм кьулыкъу щIащ, республикэм и ухуакIуэ Iуэхущ Iапли эмкIэ зэмылIужьыгъуэхэм, «Къэббалъкъпсыхоз» зэгуэныгъэм, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм щылэжьащ. Министрым и кьулыкъум увын и пэкIэ, ар «Отделочник» ООО-м и генеральнэ директору щытащ. «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр кьыфIащащ.

Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы Iуэхуэхэмкlэ министр Лыджыдэ Хьэбдулсэлам

КъБР-м и Президентым 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м кьыдигъэкIа Указымкlэ республикэм къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы Iуэхуэхэмкlэ и министру игъэуващ Лыджыдэ Хьэбдулсэлам Iлатlэ и къуэр.

Лыджыдэ Хьэбдулсэлам КъБАССР-м и Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1958 гъэм щыхьэдэм и 22-м кьыщалъхуащ. Ломоносовым и щIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетыр кьиухащ. Мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатщ, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и академикщ. Фэеплъхэр хьэмэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр советым и инструктору, КъБАССР-м и Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэу, щIы Iуэхуэхэмрэ щIыр хъэгъэсэбэпынымкIэ лэжьакIуэ гупым и унафэщIу, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьызэгъэпэщынигъэ Iуэхуэхэмкlэ и кьудамэм и инструктору лэжьащ. 1992 - 2000 гъэхэм «Агроэколас» къэрал зэхуакъ ассоциацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу щытащ. 2000 - 2002 гъэхэм ХФ-м и Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм бгыпIэ щIыпIэхэмрэ лъапэхэмрэ яхьи хадэхэр щыгъэхIыныкIэ и Кавказ Ищхьэрэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и унафэщIым и кьудамэу, 2002 - 2004 гъэхэм КъБР-м щIы Iуэхуэхэр зэгъэуIуныкIэ и комитетым и унафэщIу щытащ. 2004 гъэм щегъэжьауэ 2009 гъэм нэхьыжьу абы ЯмыIэпхъуэ мыпхъукум и кадастрымкIэ федеральнэ агентствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьулыкъур иIыгъащ.

Ынагъуэщ, пхьуитIрэ зы кьуэрэ иIэщ.

Ветеранхэм я псэупIэр ирагъэфIакIуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Къэрал и унафэщIхэм гулъытэ хэха хуащI Хэку зауэшхэм и ветеранхэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным. Къэрэшей-Шэрджэсым нэгъабэ ащхьэдэ гулъытэ щагъэуэтащ ветеран 650-м.*

ПСЭУПIЭХЭР къащхьэ папщIэ, мы гъэм и япэ мазитIым субсидиехэр ящIыхьэнущ ветеран 54-м. Илъэсыщ Iэр кьиззрихьэрэ а Iэхъуэгъуэм сом мин 436-рэ хуаутIыпщащ. Иджыпсту учетым щытщ ветеранитI 180-рэ.

Сом 84-рэ хущIагъэ

АДЫГЕЙ. *Пенсионерыр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэр 2011 гъэм зыхуэдизынур зыгъэувэ республикэ закон нэгъабэ и щэкIуэгъуэм Адыгейм къыщтащ. 2010 гъэм сом 4110-рэ яIэрыкIэу зыщытамэ, иджы сом 4194-рэ хуауащ.*

ХУЩIАГЪУАсом 84-мкIэ пенсионерым кьыщэхуфынущ фошыгъу килограммитI, тхъущынэ е сэхурэн дагъэ килограмм иримыкIу, гречкэ килограмм. Урысейм ику иту щагъэувэ сом 4817-м Адыгейр сом 623-кIэ кьыкIэроху.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Спорт

БIалъэр ягъэIэпхъуэ

Бгы-лыжэ спортымкIэ Урысейм и Кубокыр къэхьынымэ теухуауэ сладом-гигант, супер-гигант лIэужьыгъуэхэмкIэ зэпеуэм и I лъэхъэнэр мазаем и 3-6 махуэхэм Iуащхьэмахуэ тIыпэ щекIуэкIын хуеящ. АрщхьэкIэ «Эльбрус» комплексым и бгы-лыжэ гъуэгум уэсыр зэрыщымащIэм кьыкъэкIыну, кьыхэгъэпэщакIуэ комитетым ар егъэIэпхъуэ.

КъБР-м Бгы-лыжэ спортымрэ снуборд ымкIэ и федерацэм и пресс-секретарь Ворошиловэ Викторие кьызэрыджиIамкIэ, зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ теухуа Iуэхугъуэ псори и чэзум зэфIахащ. Iэмэпсымэ хэхакIэ гъэзгум уэс Iэрыщ I тралъхьащ, арщхьэкIэ зэпеуэм щыщIидзэну щIыпIэм убгъэдыхьэнкIи гугъущи, нэсу зыхуеи хуагъэхэфырыкъым.

Iуащхьэмахуэ куей щIыпIэ администрацэм и пресс-секретарь Тарим Алисэ щыгъуазэ дыдзэрищIамкIэ, зэхьэзэхуэр щекIуэкIынур яубзыхуэмэ, ипэ иту щыблэр кьатынущ.

ТАРИМ Алисэ.

Зэпеуэхэр

Ди дунейр дэ езым доухуэж!

ЩIалэгъуалэмрэ туризмэмкIэ Федерацэм и Советым и Комиссэмрэ граждан жылагъуэм и институтхэм зегъэужьынымкIэ щыIэ Комиссэмрэ я жэрдэмкIэ кьызэгъэпэща хуэащ «Ди дунейр дэ езым доухуэж» жыхуиIэ зегъэужьынымкIэ-социальнэ проектхэмкIэ 7-нэ Урысейпсо зэпеуэр.

ЗЭПЕУЭМ и кьалэнщ:

- Урысейм парламентаризмэм зыщIужьынымкIэ, цIыхум щиIэ хуитынымкIэ-жьэм зэпеуэм теухуауэ еджакIуэхэм, студентхэм яIэ гулъытэм зегъэужьынымкIэ;

- щIалэгъуалэр еджэр хабзэгъэув дэжьыгъэм къыхэшэу абы теухуа щIэныгъэ гъэзэгъуэтынымкIэ;

- Федерацэм и Советымрэ Урысей Федерацэм и еджапIэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я зэхуакъу дэлъ зэпыщIэныгъэм зегъэужьгъэн, зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэр Федерацэм и Советым, дэлэжьэным тегъэгушхуэн.

Зэпеуэм хуагъэхьэзыр проектхэм Iэмал имыIэу къыщыгъэлъэгъун хуеящ:

- зэпеуэм зэрыхэтынумкIэ, зэхэщIапIэмкIэ егъэхьауэ: dimsi@dimsi.net;

- лэжьыгъэхэр 2011 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 31-м нэсыху здебгъэхь хъунущ хэщIапIэр къэгъэльэгъуэщ.

Зэпеуэм хуагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэр кьабгъэдэкIын хуейщ Урысей Федерацэм и цIыхухэу илъэс 14 - 25-м иттхэм. Ахэр курыт школхэм, IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм щеджэ ныбжьыщIэхэм, студентхэм, аспирантхэм, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм, зи ныбжькIэ щIалэ хьарыкъутащIэхэм кьаГъэхь хъунущ.

Зэпеуэр зэрекIуэкIыну щIыкIэм фыщIэущIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ:

- Федерацэм и Советым: +7 (495) 697-72-17; 697-47-23, E-mail: NV Kalinina@council.gov.ru;

- ДИМСИ-м: +7 (916) 554-12-33; E-mail: dimsi@dimsi.net.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ядэлэжьэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапли эмкIэ.

Лъэпкъ Iуэхугъэ

Куэдрэ даIуэ, мащIэ Iуатэ.

● Тхьылъыщ Iэ

«Адыгэ тхьидэ»

- ираш зэрелжэр иджыблагъэ Нью-Йорк къыщыдэкIа тхьылъым. Ар инджыдзыбзэкIэ итхащ США-м илъэс 55-рэ хуауэ щыпсэу Натхъуэ Къадир.

НЭКIУБГЪУЭ 600-м нэблагъэ монографием тхакIуэ щIэрыIуэр, тхьдэтхэр, жылагъуэ зекIуэкIуэр щытопсэльыхь фIыуэ иIыгъу и льэпкъым иужьрей илъэс мини 6-м кьыкIуэ гъуэгуанэм.

Япэ Iыхьитlыр теухуащ пасэрей зэманымрэ ку-рыт лIэщIыгъуэхэмрэ, ещанэм ар щытотхьихь Мысырымрэ Сириемрэ илъэси 135-кIэ зыIэщIэльа щэрджэс мамлюкхэм, епIанэмрэ етхуанэмрэ Натхъуэм и гугъу щецIу Урыс-Кавказ зауэмрэ (1763 - 1864 гъгь.) абы кьрикIуа льэпкъгъэкIуэд Iуэхугъуэмрэ.

КIэух Iыхьэхэмкlэ тхьдэтхым дыщегъэгъуазэ щIэныгъэ щIыналъэм кьиIэтхэм я щIэблэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ. Апхуэдэу Натхъуэ Къадир щхьэхуэзу и гугъу ещI щэрджэс щэрыIуэу Тыркум, Сирием, Иорданием, Мысырым, Ливием, США-м, Европэм, Урысейм щыпсэуэхэм. Къэхутэныгъэ гъэщIагъэным сурэт 356-рэ хэтщ - сулътIанхэр, къэрал унафэщIхэр, генералиссимусэр, маршалхэр, олимп чемпионхэр, тхакIуэхэр, суратещIхэр, артист щIэрыIуэхэр.

«Адыгэ тхьидэр» «Экслибрис корпорейшин» тедзапIэм къыщыдэкIащ. Тхьилъым и бжыгъэр 100.000 мэхъу.

Езы тхакIуэ-тхьидэтхым теухуауэ. Натхъуэ Къадир Исхьэкъ и къуэр 1927 гъэм Адыгеим щыщ ХьэтIрамтIыкIуэ къуажэм къыщалъхуащ. 1943 - 1956 гъэхэм Италием, Иорданием щыпсэуащ. США-м хиубыдэ Нью-Джерси штатым Адыгэ ФIыщIэ Хасэ щызыхуахэм ящыщщ. ИкIи абы и тхьэмадэу иIэситIкIэ щытащ. «Адыгэ вагъуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. Натхъуэ Къадир и новеллэхэр зэрыт тхьилъыр 1969 гъэм кьыдэкIащ, «Николасрэ Надюшэрэ» романри (1978) итхащ.

ГУЭЩОКЪУЭ Дзадзу.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Кавказым щыпсэухэм хьэрычэт щІэным ухурагъэджэжынщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

ЕтІуанэ Іэухугъэуэ щ - дунейм и къэрал кэуд дыдэ апхуэдэ гугъуехьхэм зэрыІуэри. Къэдвгащтэ Франджыр, Испаниер, Германиер. Франджым и щІыхэм ящыщ кэуд-дыр мусльымэщ, щхьэтеІэхьуэхэр ятелъу еджапІэжи Іуэхугъэ мымащІэу зэрыІуатэ. Икіи къэралышхуэхэр нобэ ягуупсыс: лъэпкъэм захэрЗэзгъэныр дауэ зэрекІуэкІын хуейр, лъэпкъ, дин зэщыхьэ къарикІыІу эу. Дэ тхэнэ зы къэралми езым абы теухуа и Іуэху бгъэдыхьэкІэ щІэныгъэ. Аха́эр ипэжыпІэкІэ узыгъэпІейтейщ. Ар Іэщыіб пхуэщІыныкъым. Икіи дзэри апхуэдэ Іуэхугъэхэм куууэ дыт-лажьэ. Къэпщытэныгъэ гупым и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыуэ ар щыІэныгъ. Абы щыгъуэми щІэ гуэр сыт щыгъуи къыщІэбгупсысын щІэкъым. БгъэдыхьэкІэ хьэлэмэтхэр щыІэщ, егъэджэныгъэ программэхэм я дек кьыщыщІэдзауэ, уеблэмэ совет лъэхъэнэм къыщІгъэсебэпу щытыгъ.

Ар зы лъэныкъуэкІэщ. Мы зи гугъу тщІы гугъуехьым нэгъуэщІ лъэныкъуэ иІэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, я зэфІэкІыр щалъхуа щІыналъэм къащхьэумыгъэсебэпу кьалэнхэмкІэ зыунэтІа щІалэгъуалэ Кавказым и куэдщ. Абыи я Іуэху щыпхьмыкІмэ, нэхъыфІращи, я нэ ягъэзэжи, нэхъыкІращи - щІэпхъаджащІэ гупхэм я Іэмышщэм йохуэ. Абы кьыриІуахэм ящыщу дэ дольагъу ресторанхэм, кафехэм е нэгъуэщІ щІыхь куэд щызэхуэс щІыпІэхэм щІалэщІэхэр Іэщэр ягъэдальэу щІэсхэу икІи щІыкІэнщэу зэщІу. Дауи, шэч хэлъкьым, ар зыльагъу куэд абы пэщІэзэвэну зэрыхэтым. Аращи, зэрызехьэ кьоху. Мыбдежым мыхьэнэщхэу іейщ апхуэдэ Іуэхугъуэхэр хабзэхъуэм Іэнатіэхэм, къэралым кьыщэрызэпхуэдым. Щыхуэхэм зыхащІэм хуейщ ахэр хабзэнщагъэм зэрыпэщІэтыр.

- Фэ фыщыщынэрхъэ, Кавказым щыщ щІалэгъуалэр уэрамым кьыдыхьэу абы жэуап кьратыжынкІэ?

- Мы Іуэхугъуэм гу лъыІэсгъэтэну сыхуейщ: нобэ Кавказым щыІэкьым Урысейм теухуа льагъуэмыхьэныгъэ. Урысейм зэрыщытуи Кавказым икІаэр щалъагъу мыхьэу щыткъым. Дэ тщыщ кэуд - Кавказым кьыщыхьэ щІэрэ пщІэрэ щыхьэрэ яІэу Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрытщ. Дэ дызэхуозэ, дызоплальэ. Мах уэ кьэс дыщызэІущІэкІэ, Іуэхуэхэр щызэфІэтхІкІэ, лъагъумыкьуныгъэ зэи ди зэхуэкуэ дэлъхьакьым. Ар кьыщыхьэр хуитынысгъэхэр, хабзэр, зак онэхр кьыщызэпаудым и дежщ. КьулыкьущІэм Іулъхьэ кьыйхьэу щІэпхъаджагъэр щыщІихьумэм и деж, абы щыхуэхэр егъэгубжь. Хабзэр кьыІэзэпІыудар тезыр имыкьу кьыхэкІ хьунукьым, ар ди къэралым и дэнэ щыпІэм щекІуэкІами. Іуэхуэр кьыщыхьэр Кавказырамэ, урысхэмэ абы щыпсэухэми хабзэр кьыІэзэпудныгъ кьыІэтегъуэуІэн хуейщ. Армырамэ щІыхуэхэм къэралым дзыхь хуамыщІу я щхьэр яхьуэмэхьн уней хьунущ. Апхуэдэ хьыбгарэр щыІэщ.

- Къэрал псор игъэтущІэзауэ иджыри зы Іуэхугъэшхэ кьэхъуащ - ар Краснодар крайм хьихьэ Къушвескэ станицэм щалэжьа щІэпхъаджагъэрщ. Уэ у зэрепльымкІэ, Кавказым щыпсэу ресурсхэмэрэ (кьапщтэмэ, Дагъыстаным, Къэбэрдей-Балькъэрым) абыраз пх уэзгъэпщІну икІи жыпІэфыну бгырыс кьуажэхэм щыпсэу щыхуэхэр боевикэ ям щыщынэу, Къушвескэм щыщыщытым хуэдизу?

- Сыт Кавказым щебгъэпщэнэр? Сыбырым, Къуэбанпіэ Жыжьэм, Уралым ещанэ щІэмыхьэнур сыт? Кавказыр зэрыщыту щІэпхъаджащІэх эм хуагъадэ у ара? ЗыгуэрыгъаІуэ, Кавказым щыІэ ныкъуэр, Урысейм и дэ тхэнэ щыпІэмэ ху эдэу, зы унафэм щэ тщІу. Іулъхьэр тын-кьебгъхыным и эзранкІэ щІэпхъаджащІэмрэ властымрэ щызэхэпщэхъуэжьым и деж, мыхьэнэ иІэкьым ар Кавказырами Урысейм и адрей щыпІэми, ар сыт щыгъуи щІыналъэм и деж кІэ Іуэхугъуэ щынагъэщІ. Краснорск крайм и губернатору сыщыщытым, дэрт дрихьэлІэу щытащ вертолеткІэ фІэкІа ущэнэмысыфыну кьуажэ пхыдзаэхэм щІэпхъаджагъэ инх эр щекІуэкІыу. Ікіи апхуэдэ Іуэхугъэр дэ «гъуэгу гъэпльакІэ кьидгъэжьыкьырт». Абы кьыхэкІыу сэ ар Кавказым егъэпщэнтэкьым. Сэ и гугъу сщІынт Кушвескэ станицэм кьыщыдрихьеиІуэхугъуэр псорэ хуабжу дызэхъэпІейтейуэ зэрыщытым. Ауэ апхуэдэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, Урысейм и адрей щыпІэ хэми, Кавказри хэту, зэрыщыІэм зэхъэкьым.

- Кушвескэм ещхь Іэужьыгъуэщ Ставропольем и Краснодарскэ краймрэ кьыщыхьуэр. Иджыблагъэ яухащ Грунт овский Иоррэ Бороздинов Владимиррэ ехьэлІа уголовнэ Іуэхур зэхэгъэкІынщ. Следствием кьызэрилытэжмкІэ, абыхъэм хьэрычэтыщІэхэм я мылькур кьытрахыуэр куейр зэрыщыту щэрІэщтаблэзу кьагъэнат. Абыхъэм я Іуэхур судым иратащ. Ахэр щІэзыхьумахэм я Іуэху зэкагъэкІыну?

- Судым и унафэм зи щІыкІэ дыщэзгъапІэ. Арщхьэкіэ иджмыстуи вжеСІэфынущ: Іуэхур щыІэхагъэкІым и кІыхьагъкІэ власть зыІэщІэлъхэм ялъэкІ кьагъэнакьым а щІэпхъаджагъэхэр гупу ямылэжьауэ кьыщагъэхьун папщІэ. ЯтІэ щыкІэ Іуэхур куейм кьытхуеу, крайм тхьын хуей хъуащ, арщхьэкІэ ар кьыІэ т гарагъэувІэн папщІэ нобэр кьыздэсхэм ялъэкІ кьагъэнэрэкьым. Абы кьыхэкІыу Іуэхур зэрекІуэкІыр ди нІэм Іэщэгъэкіуейр. ЕТІэ-м кьытхэуэхэр сабийхэм я пІэкІэ нэгъуэщІхэм зэращІыжьыр. Абыхъэм кьэпщытэныгъэ ткІийкэр щегъэжьуэкІын хуейщ. Сэ апхуэдэ кьалэнхэр кьысхуэгъэуващ икІи дызэрыт ильэсым нэгъуэщІ бжьыгъэкэр кьрикІыну сыщогуть.

- Дапщэщ ди щІыналъэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ университет кьыщыщызэрагъэпэщынур?

- Мазаем и нІэхъым абы и унэтІыныгъэхэр ди пащхьэм кьралъхьэнущ. Ар кьащта и ужькІэ абы и ухуэкІэр зэхэгъэувэн щІэдзэнущ. ЗэрыхуэдгъэфащэмкІэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ университетыр зэдэщІэнэр Ставропольщ, сэ ящыщхьэ Іэнукьым абы лъабжьэ хуэхьунур дэтхэнэ еджапІэ нэхъыщхьэрами. Жэрдэм кэуд дыдэ щІыбэщ, арщхьэкІэ иджыри эзкІэ зыми тедухуакъым. Апхуэдэу щытми, ди щІыналъэм еджапІэ нэхъыщхьэм зыщыгетэжьыжьыжьмкІэ ар льэбакьуэфІ хьунущ. ЩІалэгъуалэр зыхурагъэдэжну ІэщІагъэхэр фІэкІыпІэ имыІэу, епхауэ щытынущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэр 2025 гъэ пщІондэ зэрызиугъжьыным екъэзІа унэтІныгъэ инхэм. Абы щыгъуэми техникэ ІэщІагъэхэм кьыщынэмыщІа, гуманитарнэхэри щыІэнущ. Ухуэныгъэм, туризмэм, транспортым, агропромышленнэ, топливнэ-энергетикэ комплексхэм Кавказым зэрызыщыгъуэжьын хуейм и гугъу пщІымэ, абыхъэм папщІэ ІэщІагъэлІэхэр ГъэхъэзырынрИ ди пщэ итлъхьэжьыпхъэщ. Ауэ дэ ящыщІэтэгъупщэн хуейкьым нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэм. Ар ильъамым, Кавказым и щэнхабзэммрэ хабзэхэмрэ екъэлІа-хэрщ. Абы кьыхэкІыу дэ иджкІынсту догупсыс Кавказ Ищхьэрэ университетым ІкІэ Іыхьэм университет хэтын зэрыкуейм, ислъамымкІэ ІэщІагъэлІ нэсхэр игъэхъэзырынрэ хуэдэу.

Идджыри зы Іуэхугъэшхэм гу лывввэгъэтэну сыхуейт - ар Москва, Санкт-Пе тербург, Урал ящхьэпІэ нэхъыщхьэмэ я кьудамэхэм я лиценэзэхэр къэпщытэнырщ. Ахэр кэуд дыдэу Кавказым щыІэщ. Абыхъэм щрагъэгъуэт щІэныгъэм и фІагъыр куууэ зэхэгъэлІкІи унафэ пыуыкІа ятещІыхьын хуейщ, Іэмал имыІэмэ, аэр щызэхэущыжькІи къэхъуу. Къэпщытэныгъэ хэм мы гъэм щІидзэнущ.

- ЩІыналъэм Іэнатіэ кэуцдым щыщегъэужьынырщ, щэч хэмылъу, нЫзс блэкІам кьрикІуахэм ящыщ зыщІ.

- Дэ кьалэн зыщытщІыжагъэкъым Іуэхугъуэ инхэр 2010 гъэм зэфІэ дгъэкІыну. Гу льыфтами сщІэркъым, 2010-2012 гъэхэр зэблэкІыгъуэ лъхъэхэну дыубзыхуащ. Абы кьыхэкІыу дэ зыщІэлъхьэзыр аращ. Абы ипкъ иткІэ, зы гуэрэхэмкІи япэ дищащ. Сыту жІыпІэмэ зэман кІэщ дыдэм кьриубыдэу, сэ кьыІэзыфІыльтэмкІэ, фІагъ лъагэ зиІэ унэтІныгъэхэр дыубзыхуащ. Кавказ Ищхьэрэм кьэлэпІэ нэхъапэм зэи зэхъамылъхьауэ. КъэпщытакІуэу сыт хуэдизу ухуейми кьебгъэблэгъэфынущ, абыхъэм щыщІэныгъэхэр мелуанкІэ кьагъэуэтыфынущ икІи дэ дыхьэзырщ унэтІныгъэхэм зэи дыхьэпльэжьну, зэпсэльэныгъэхэр егъэзыІуэкІыну. Ауэ псом ящхьэращи - ар хьэзырщ. А унэтІныгъэхэр гъэзэщІа хъун папщІэ дызыхуеину унафэ бжьыгъэм хуэдизу федеральнэ мыхьэнэ хэзыпхъэ щІынущ. Ар Кавказым и турист Іэнатіэм зэгъэуэжьыныкІэ экономикэ щІыналъэ щхьэхуэхэр кьызэгъэпэщынырщ, зыужьыныгъэм и корпорацэр ухуэнырщ, устав мылькуу сом мелуан 500-рэ кьэзрал щэсыпІэу ме лард 50-рэ иІэу, нэгъуэщІхэр. Кіэщу жьыпІэмэ унафэхэр куэд дыдэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу кьыхэзгъэщынут абыхъэм фы гуэрхэри кьаэзэрыпхуар. Бжьыгъэхэр кьэсхьыфынущ. ЩІыналъэм лэжьапІэнщэу щыІэхэм я бжьыгъэр цыху мин 88-кІэ нэхъ мащІэ хьуащ (мин 480-рэ хьууэ щытащ). Ар хуабжу бжьыгъэшхэущ - цІыхухэм хьэжь ящыкъуащ нобэ уладжьэ. ІуэхущІапІэ цІыкІуэхэрэ курытхэрэ кьыІэзбгъэпэщ зэрыхьунур. Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэм мы гъэм щыбгъэзащІэ хъуну проект 37-рэ дИІэщ, егъэлІеиуэ инхэу - сом мелард 400-м щІигъу я уэрэсэу. Ари и щыхьэтщ урыс-сей инвесторхэм я мылъку халъхьэн папщІэ кьэралым Іэмал гъуэзэджэхэр кьыІэрыІэзэрыгъэпэщым. Икіи сэ си фІэщ мэхъу адэжи итэкІэ дызэрыдэтэнур.

- Турист Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ нэхъ гурыщІхэу уэзыгъэщІхэм ящыщ зыщ щыпІэ хьэрычэтыщІэхэр абы зэрыхуэмейр. Кьапщтэмэ, Домбай щыхуэхэм щыхуащІэ Іуэхугъэбзэхэм ильъс зыбжанэ хьуауэ зыщІэхьэжьыгъ. Фэ фыІэзэрепльымкІэ, кавказ хьэрычэтыщІэхэм езыхэм я хьэл-щэн щрыхьыкІа яІэж?

- Хьэуэ. Кавказым щыпсэухэм хьэрычэт щІэным ухурагъэджэжынщ. Ахэр сыт щыгъуи хьэрычэт щІэным хущІокъу, псом хуэмыдэу ахъшэфІ кьыззэралэжьыным, кьулеиуэ зэрыщытыным, даиуэ зэрызаехуэпэным, автомашинэфІхэм ису кьыззэрадухъыным, кІэстум льапІэхэр ящыщІыу зыкьызэрагъэльэгъуэнным. Ахэр абы хуэщІауэ щытщ икІи хущІокъу езыхэм я Іуэху кьыззІуахьыу зэрагъэужьыну. Ауэ абыхъэм ящІэркъым ар зэрызэрагъэхьулІэну щыкІэр. Абы кьыхэкІыу апхуэдизым сеущинт: «ЩІалэхэ, узыхэзгъэкІын хуейр кьэбдыгъуэракъым, атІэ уэ зэбгъэпэщарщ икІи Іэмал фІи щІэгъэпщІкІэ зыІэрывгъэхьан нэхърэ хьэлэлу кьэвлажьам хуэдипщІкІэ нэхъыбэ фейдэуэ кьеевгъэщынкІи, - абыхъэм ящІэрІыпсу кьэрычэт Іуэхур зэффахынущ - ар хуабжу фІыщ икІи хьэлэмэтщ. Ахэр нэгъуэщІу гупсысэу егъэсэн хуейщ. Абыхъэм я пІэкІэ зыгъэрэзэ зэффдэгъэкІыу зыІэрыпсыгъэ. Ауэ абыхъэм ящІэркъым ар зэрызэрагъэхьулІэну щыкІэр. Абы кьыхэкІыу апхуэдизым

Гуэвэгъуэ зыдэлъ пщІантІэм шыгъупІастэ Іэнэр къыщезэгъыркъым

Нобэрей ди уазыр теухуаш дунейм ехыжар зыдаха пщІантІэм махуищкІэ ерыскъыхэкІ къыщыпІт зэрымыхъуным.

●Уаз

ХЭМ иджыри къызэдэсым зыщыханакъым ЛІар зыдаха пщІантІэм къъм къикІыжахэр щагъэшхэныр. Щхьэусыгъуэхэри къагъэув. Къапщтэмэ, щыхур дунейм щехыжьм е абы пэгъунэгъу щыхъум, уэсят ищІащ ЛІа и ужькІэ гуэвэгъэм кърихьэлІаХэр ягъэшхэну. Абы къыщІэнахэм зэсятыр ягъэзэщІэну хущІокъу, диным къемызэгъыр къызэрыпаубыдам щхьэкІэ къэмынэу. ЯщІэркъым апхуэдэ уэсятир гъэзэщІэным дунейм ехыжам и гуэныхъыр зэригъэбэгъэнуэр.

Дапхуэдэу щытми, муслЫмэныгъэм кьемызэгъыр ди гъащІэм хэдгъэкІын хуейщ. ЦІыхур шхакІуэ кІэунэмэ, нэгъуэщІ щІыпІэкІэ иреунэтІ - гуэвэгъуэрэ гуЫгъуэрэ здэщыІэ пщІантІэм ар къыщІэзгъыркъым. ДыуэщІ дыхьамэ, езыр абы яп ищам хуэдэу дунейм зэрехьажьнур и гум къиГэкІыу, абы и гуэныхьхэр щхьэщихьну хуэльаГуэу, Іыхьлыхэм яхуэгъэвзу ныдэжЫжьнраш муслЫмэн диным игъэдахэр. Исльамыр апхуэдэущ а Іухуэгъэм зэрыбгъэдыхьэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслЫмэнхэм я дин ІуэхущІапІэр сыт щыгъуи зытетри цІыхухэр къызыхуриДжэри зыщ - нэщхьеягъуэм и яп махуйищм ЛІар зыдаха пщІантІэм шхын къыщамЫэту Іуэхур зэфІэгъэкІынырщ. Іыхьлыхэм дунейм ехыжам сэдэкъэ хуащІынну хуейм, абыхэм зыри зэрап яхуэхъунукъым.

Гуэвэгъуэм ехьэлІауэ иджыри зы Іуэхугъуэм дытепсэлъыхьынут. Абы и къежьапІэр дахэщ, къыкІэлыкІуэращ мыхъумыщІэ хъужыр. Зи гугъу тщІыр дунейм ехыжам къыщІэнахэм мылъку гуэр хуаишйкІэрэ зэрызыщІагъакъуэрщ. Ар дахэкъым, ахъщэ къэзыхьам и цІэ-унэцІэр къыщратхыхьм и деж. ИужькІэ ар къагъэсэбэпыж сэдэкъэщащІкІэ: абы ихуахэм Іыхьэ хуащІ. Мы зи гугъу тщІыр Іуэхушхуэщ икІи къыкІэлыкІуэ ди уазхэм ящыщ зым нэхъ зыубгъуэу дыщытепсэлъыхьмэ тфІэтэмэмщ.

●Зэчыр

Мухьэмэд бегъымбарым и гур

Абдулыхым и щІалэу,
Хьэлимэтым и къану -
ЩІалэ къаныр къыщихьым,
Тхъэм и нэфІыр
къыщыхуащ.

ХьэрыпыщІым и гъаблэу,
Хьэлимэтри тхъэмыщкІэу
ЩІалэ къаныр къыщихьым,
Насыпышхуэр къыдэкІуащ.

ИгъэлъаІуэм къыхуишэу,
И гушыІэр акъылу,
И Іупсхэр хущхъуэшхуэу
Мухьэмэдыр кьэтэджащ.

МедыІычхэр къеплъыхри,
Губгъуэм кІуауэ
къаалъагъури,
Нэрыбгищу къыздехри
Мухьэмэдым къыхуэкІуащ.

И бгъэ лъапІэр зэІуахри,
И гу лъапІэр кърахри,
ФІейуэ хэлъыр къыхахри
ШейтІан Іыхьэр
хыфІадзащ.

ДжэбрэІилым трикІэу,
Мэчрэ Іилым ильэсу
Ныбжьэгъу цІыкІухэм
щалъагъум,
ЯукІауэ къафІэщІащ.

Дэмирэтыр кьэгуоури,
И гуо макъыр зэхахри,
ЦІыхуу дэсыр къыдэжри
Хьэлимэтыр къхэжащ.

ЖыхуаІами щынэсым,
ЩІалэр псэууэ щильагъум,
Хьэлимэтыр тебанэри
И нэм бахэр ныхуищІащ.

И нэбжьыщхэр мажьэдэу,
И набдзитІыр шабзэкъуу,
И дзэм нурыр къыдихьу
ЦІыхуу щыІэм ялеящ.

Ильэсиблыр и ныбжьу,
И ныбжьэгъуэкъэр игъасэу,
Тхъэ сурэтхэр имыдэу,
ЯмыдаІуэу къыщІидзащ.

КъурІэн лъапІэр и псалъэу,
Щэрихьэтым хуигъасэу,
ПщІы зыуІэсыр имыдэу
Бегъымбару къэунэхуащ.

НапэкІуэцІыр
зыгъэхъэзырар
ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

●Хьэдисхэр

Фи бынхэр зэфшэлІэж

♦Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм жиІащ: «Пшапэр зэхэуамэ, фи сабийхэр зэфшэлІэж - а зэманым шейтІанхэр къожьэ. Жэщыр тІэкІу хэкІуэтамэ, фи бжэхэр зэтъыбыдэ, Алыхьым и щэри жыфІэ. ШейтІаным бжэ хуэщІа Іунихьым. Алыхьым и цІэр жыфІи фи кхъуэщынщхьэхэри фІэфІхыкІ, фи тепщэчхэми зыгуэр ятеФпхьуэ. Фи уэздыгъэхэри вгъэункІыфІ».

♦Кхъэм кІуэ, абы захъэтыр унгу кІиргъэкІынщ.

♦ЛІахэм нэмэз ятещІэ, абы гущІэгъу къыпхихьхьэнкІэ хъунущ. ГущІэгъу зиІэр Къемэт махуэм Алыхьым и жьауэм щІэтынущ.

♦Уафэм щыІэхэмрэ щыльэм тетхэмрэ зэхуэсу зы мусЫымэн закъуэ эдуэкІатэмэ, абы щхьэкІэ ахэр жыхьэнмэ мафІэм Алыхьым хиутІыпщхьэнт.

Зы псапэ закъуэм жэнэтым уихьын?

Цыхухэм Іуэхутхьэбзэ куэд яхуэзыщІэ Псапащ Іэ цІыхубзитІым кьахьа бельмрэ фІанэмрэ кІы яхуфІилъхьэжщ, игъэжаныжщ, и мальхъэгъуми шэмэджыкІ хуфІилъхьэщ, хуиуІужри тІысыжат. Иджы и гъунэгъум и щхьэгубжэ абдж кьутар хухилъхьэжыну абджыбзыр кьиштауэ щыдэкІым, ар зыбгъэдэс стІолым накІуэпакІуэу кьыбгъэдыхьащ зэи зы псапи къэзымыихьа гуэныхьлы Іиблис. Псапащ Іэ и стІолым тельт гъуэгуанэ жыжьэм игъэмэжжэлІа лІищ-плІым яхуржкъи ерыскъы.

ІИБЛИСсэлам-чэламми хэмыту, стІолым зэрыбгъэдыхьэу ерыскъым унафэ тращІыхьу жиІащ:

- Мы Іэнэм дэ тІури дыбгъэдотІысхьэри тхуэшхыр дошх, тхуэшхыр кьыздахуэжыр зэхуэдитІу догуэшыжри, сэ кьыслъысыр изохьэжьэ, уэ кьыплъысыр кьыпхуонэж, («Тхьэм жиІэм!» кьыжьэдэкІакъым, хуэмейуэ кьилытагъэнщ).

Псапащ Іэ идакъым гуэныхьлым и унафэ щІыкІэр икІи жиІащ:

- Дапщэщ Іьандэрэ си стІолым тель ерыскъым уэ унафэ тепщІыхьыну уэзрыхуитыр? Мыслъымэн цІыхум ущыбгъэдыхьэкІэ сэлам епхын зэрыхуэят хабзэм уельэпэуащ, стІолым убгъэдамыгъэтІысхьэнуми умыщІэу ерыскъыр шхынымрэ кьэнар гуэшыжьынымрэ и унафэ уощ. Хэт уэ хуит узыщІар си унагъуэм унафэ щыпщынкІ?

Іиблис есатэкъым езым фІэмыфІ псалъэ пхъашэ кьыжраІэуи, кьэуІабжьащ икІи кьэгубжьащ, ауэ кьыжраІам зыри пидзыжьафэкъым.

Псапащ Іи зэмыджа хьэщІэм тегушхуауэ техьущІыхь хъуащи кьыпещэ:

- Сэ сызэрыпсэурэ зы гуэныхь закъуи къэзымыхьауэ сыпсапащІэщи, цІыхухэм Іужу-тхьэбзэ яхуэощІэ, фІыуэ сыкъалъагъу. Уэ зы псапи кьыпхуэмыхьауэ гуэныхьым ущитІэнащи, цІыхухэми, псэущхьэхэми, хьэпщхупщхэми Іумпэм укъащІ, ажалым упальыт, кьызэроджэри псэхэщ. ЖьакІэу укъалъагъ умэ, уражагъэгъэщи за-гъэпщкІу, я нэм бжэгъуу ущІоуэ, нэлат кьуах.

«Сэ - муслЫмэн псапащІэм рэ уэ - джаур фэсикъ еІуящІэ псэхэхымрэ дыэздэшхэу дыэзгъэдэсыну дурыскъым. Сыхуейкъым дыэзгъуэсу щІыхухэм дыкъалъагъунуи, си пщІантІэм дэкІ!» - щІыкІиІэм, Іиблис кьэуІэбжьащ, кьэгуэващ, уиэзэхащ - и гуэныхьым апхуэдизэ псалъэ жагъуэ кьрапэсыну. ЛъэбакъуитКІэ икІуэтыжри, ищІэнури жиІэнури щыгъупщэжауэ, бгъуэКІэ кьэувыжащ. Ибгри и плІэри кьыдэжащ, и щхьэр Іуэш ищІри иришэхащ, и ИтІри иригъэлэлэхащ. Іушэ ищІа и щхьэм и нитІыр эбэлэпІь ищІащ - игугъагъэнщІ Іуплъэгъуэ зищІмэ, Псапащ Іэ кьыщышынэну. ХуэзэфІэкІырати, кьрапэса псалъэ бжьыбжьхэм кьыпэджэжащ:

- Укъыісуэ зэжьнкъэ у э! УкъысІэрыпхьэнкъэ зэгуэр!? ЗыкІи уэ уэмыхьэзыру, укъысІэмэпІпхьэхуэу сыкъыштеуэнщи, уи лъэхъуамбэхэм кьыщышІэдзауэ щхьэпхэтІыгум нэсыху уи фэр кьыпхутеслъэфынщ.

Кьыжриам Псапащ Іэ игъэшынакъым, фІэІуэхуэхакъым, хуэфащэ эзыапи иритыжащ:

- Сэ зыкІи сригузавэркъым ди Тхьэшхэм кьалэн кьыпщитІрэ ахърэтым сыпшэну укъигъакІуэм. СыгуфІэжу Тхьэм и пащхьэм сиувэрфынукъэ си псапэ кьомым сриг ушхуэу. Ауэ уэ Дыкъэзыгъэщ Іам и Іыэыпхнышэу гьэпцІагъэкІэ си псэр пхьыну укъакІуэмэ, уи щхьэр дунейм тегу, лей зыгьебгъэ зыа псоми я нэлат псэуэхэм кьуаныхьу, тхьэщІэпс, фІеипс кьпІтракІэу, пхьэнкІий кьыпттрахьуэу.

«Бжесіар зэхэпхамэ, зегъэх! Сыхуейкъым уи лъы фІейм кьыпэкІуэу зэи симыІа гуэныхь кьэхьу си пщІантІэ удэзуКІыхьыну Зегъэ хьІ» - кьыжраІам нужьыгуауэ абрэмывэ и плІэм дэлъ хуэдэ, Іиблис Іуэзу, Іушэу, тхьышэу, бгъуКІэ кІуэуэ едджэджьэжащ, и Іэштым лъэныкьуэр кьигъэдалъэрэ нэхъ теплъэгъуей зищІауэ, хьущІэ-щІатэу кьызэпсэлъэкІыу:

- Укъыісуэ зэжьнкъэ зэ! УкъысІэрыпхьэнкъэ зэгуэр! - жиІэу.

Хуэмурэ здэджадэм игу ихутэкъым Псапащ Іэ кьрипэса псалъэ ткІыбжьхэр зэрыпэжри, езыр зэрымыгъуэ-зэрыгъаемэри, жьыхэмэ бжьэпэм зэрыштетри. Емыфыгъуэемыхьуапсэу игу кьэдащ Псапащ Іэ зэринасыпар, аддэ и гущхьэ лъапсэм кьыщышащ гурыщ Іэ дах э (кьызэремыхьулІэнури ищІэу) икІи игу ирилъхьащ Псапащ Іэ ещхь зэрыхуныи хущІэкьуну.

КьэхъулІэну пІэрэ и мурадыр апхуэдизэ гуэныхь зиІэм? Бжьыхьыбгъум бгъуэту здэкІуэм, уафэм кьыщызэредзыхри Іиблис и пащхьэм кьихуащ кьашыргъэмрэ абы ифыщІ тхъэрыкъуэмрэ. Епхьэзри тІури зэпІэщІэ ищІащ, кьашыргъэм ирищІэнум егупсысыху, езы кьашыргъэр зэрифэщкІэ и Іэ щІыІум кьедзакъэщ, зыпэщыІидри лъэтэжащ. Иджы тхъэрыкъуэри кьезыгъэ лари уІэгъэ. Іиблис и уІэгъэри, шынаэ кІэзыІ тхъэрыкъуэм ейри удз щабэкІэ ильэщІ, хьыдан кІапэкІэ игъэжьабзэжри удз кІырым ыкъуищІа абгъуэм иригъэтІысхьащ, уэщх темышхэнуи тхъэрыкъуэфкІэ щІиуфэжащ.

КІуэрт иджы Іиблис тхъэрыкъуэр ажалым кьызэрыгъэІам щыгуфІыкІыу, зы псапэ зэриІэм дэрэжьгъуэ кьритауэ, псапэкІэ Псапащ Іэ зызыхуигъэджу.

КІуэ т кхъэр кьыззэрыхуэ-ха бжьыхьымкІэ блэкІыу. Игу кьэкІыжащ езым и зэранкІэ я пІалъэ кьэмысауэ ахърэтым куэд зэркІуэри, езыри абыхэм зэрыхьхьжьнури. Гупсысэ бзаджэм зэщІищтащ: «Мы ахърэтым щыІэхэми сиэзхамыгъыхьэу Псапащ Іэ хуэдэу сыкърахужьжым-щэ, мыбыхэми сыкъалъагъу хъуркъым».

И гупсысэм адэкІэ зэгъэубгъури нэхъ ифІэфым кьыгеутеувыІащ - тхъэрыкъуэр ажалым кьызэрыригъэла псапэшхэм. Ар япэувыфынукъэ адрей гуэныхьхэм? Жьуэпыншэу кьэнащ езым зыжуІэу эвыжа упщІэр.

Псапащ Іэр Іиблисрэ щызэхуэзам щыгъуэ зэжраІахэр псыхэкІуадэ хьуакъым: иджы Іиблис куэд кьыгурыІуащ псапэмрэ гуэныхьмрэ я теуэ-хуауэ, уеблэмэ абы и акъылыр триухуащ псапэмрэ гуапэмрэ телжьэну, кьагъаазэ имыІэу гуэныхь лэжьынымрэ ажал гьэгумрэ якІытекІынУ. КьехъуІэну ИлэрэИ мурад дахэхэр? И зэфІэкІ псори триухуэнт цІыхухэмрэ псэущхьэхэмрэ яхуэщхьэпэным, ар кьыхуадэну ищІамэ, и гуэныхьхэр кьыхуагъэгъуну кьагъэгугьамэ. Хэт апхуэдэу укъигъэгугъэн? Иог упсыс: «Сыт-тІэ кьэзыгъэзэжьыр Алыхьым кьищтэжку щІыжаІэр? СІэщІэщІа кьомым сыхущІегъуэжауэ кьэзгъэзэзэжьынти Псапащ Іэ ныбжьэгъу сых уэхъужьынт, кьызэІэпыкъуаІамэ. Іиблис и фІэщ хъуркъым кьигъэзэжу гъуэгу захуэ теувэжьынмкІэ щІэгъэжьуэн игъу этыну. Зыгуэрым зэи фІы хуимыщІауэ, уэзращІэкІуэу тхъэрыкъуэ закъуэм жэнэтым уихьын, ухуэхьын, урагъэхьын апхуэдизэ жагъуэгъуэм?

Зззэмызэ Іиблис и гур ирегъэфІ,езым хуэдэ куэд цІыхухэмИ Тхьэшхэрми яужэгъуэуэ дунейм зэрытетым. Іуэхушхэщ мыгъуэми, гъуамэми, псапащ Іэхэмэ уэзрамыпэсу урахужьжьыну, ахърэтым ущагъэтыншыну ущыщымыгугъэм и дежи. Дэнэ-тІэ иджы ар зэжьІэнур, псэхэх дыдэр кьеджжэху?

МЫ ХЬЫБАРЫМ сезыгъэдэІуа си ныбжьэгъу Шагьир кьывольэІу Псапащ Іэ и лъэужь дахэр гъуэзэрэ дерсрэ фхуэжьыну, гуэныхьлы Іиблис и Іэужь фІеИхэм зыкьевмыгъэгъапцІэу зыпыІуІэзыну, фымыщхьэрыуэну. Іей куэд блэжьу дунейм утетамэ, зы псапэ закъуэкІэ ар пхуэпшынькъым.

ЖАНОКЪУЭ Бег э.

Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэр

●Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджьжьыр	Дыгъэр кьыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	5.52	7.22	12.29	15.03	17.16	18.56
2, бэрэжьей	5.51	7.21	12.30	15.04	17.17	18.57
3, махуэку	5.49	7.19	12.30	15.05	17.18	18.58
4, мэрем	5.48	7.18	12.30	15.06	17.20	19.00
5, щэбэт	5.47	7.17	12.30	15.07	17.21	19.01
6, тхьэмахуэ	5.46	7.16	12.30	15.08	17.22	19.02
7, блыщхьэ	5.45	7.15	12.30	15.10	17.24	19.04
8, гъубж	5.43	7.13	12.30	15.11	17.25	19.05
9, бэрэжьей	5.42	7.12	12.30	15.12	17.26	19.06
10, махуэку	5.41	7.11	12.30	15.13	17.28	19.08
11, мэрем	5.39	7.09	12.30	15.14	17.29	19.09
12, щэбэт	5.38	7.08	12.30	15.15	17.30	19.10
13, тхьэмахуэ	5.37	7.07	12.30	15.16	17.32	19.12
14, блыщхьэ	5.35	7.05	12.30	15.17	17.33	19.13
15, гъубж	5.34	7.04	12.30	15.18	17.35	19.15
16, бэрэжьей	5.32	7.02	12.30	15.19	17.36	19.16
17, махуэку	5.31	7.01	12.30	15.20	17.37	19.17
18, мэрем	5.29	6.59	12.30	15.21	17.39	19.19
19, щэбэт	5.28	6.58	12.30	15.22	17.40	19.20
20, тхьэмахуэ	5.26	6.56	12.30	15.23	17.41	19.21
21, блыщхьэ	5.25	6.55	12.30	15.24	17.43	19.23
22, гъубж	5.23	6.53	12.30	15.25	17.44	19.24
23, бэрэжьей	5.22	6.52	12.29	15.26	17.45	19.25
24, махуэку	5.20	6.50	12.29	15.27	17.46	19.26
25, мэрем	5.19	6.49	12.29	15.28	17.48	19.28
26, щэбэт	5.17	6.47	12.29	15.29	17.49	19.29
27,тхьэмахуэ	5.15	6.45	12.29	15.30	17.50	19.30
28, блыщхьэ	5.14	6.44	12.29	15.31	17.52	19.32

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ.

●Гу зылъытапхъэ

Шэч лъэпкъ хэлъкъым

Дыззэрыт ильэсым и Мусльымэн махуэрыбжэ, тхылъ тепльэ иІэу. Налшык къыщыдигъэкІащ исльам диныр щыхум япхыкІын папщІэ куэд зыльэк Тхьэкъуахъуэ Іэуес.

ТХЬЭР зи фІэщ хъуэхм Мусльымэн махуэрыбжэр куэдкІэ къаззэрыхуэщхьэпэнум шэч хэлъкъым. Абы махуэ кьэс тещІыхьауэ итщ нэмэз уахътыхэм я пІалъэхэр, дыгъэр кьыщыщІэкІыр, мазэр кьыщыцынэхур. КьурІэн лъапІэм и аятхэр, хьэдисхэр, ГьащІэм кьыщысэбэпыну ущиехэмрэ чэнджэщхэмрэ тхылъым куэду кьыщыхьащ.

КъищынэмыщІауэ, кьыхэгъэщыпхъэщ дуней псор дызытет махуэрыбжэмэ мусльымэнхэм кьэгубгъэсэбэп хьиджрэмэ теухуауэ ар зэрыубзыхуар. Тхылъыр кьызэрыдэкІар адыгэбзэкІэщ.

●Дэ кьытхуатх

Едвмыгъэгъэлей

Исльам диныр тэмэму зезыхьэр дыгъэузнукъым, къымылэжьа ищхьынукъым, тэмакъыІыхьу щытынущ... КІэщІу жьыпІэмэ, апхуэдэр мыхъумыщІагъэхэм пэІэщІэщ.

СИ адэ-анэм муслЫмыныгъэр ягуми я псэми хэпщІауэ щытащ, Ахьрэт нэхур Тхьэм ящарит! Кьуажэр колхозу щызэхьыхьами, я кьуищІр абы жьыджэру хэтахэм ящыщщ, я гуащІэдэкІ фІэкІа зрамыхьэлІэу. Зэгуэрым гъавэ куэд ди пщІантІэм кьыдашат. Ар щитъагъум, ди адэм жиІащ ар зыцымыгъэхуэну, хьэлэлу кьамыІэ жьауэ гурыщхъуэ зэрищІым кьыхэкІыу. Апхуэдэу щыхъум, кьуаакІ ефэндыр кьрадджэри, абы кьахуІыуэтащ гъавэр псоми кьызэдалэжьауэ зэрыщытпкІр икІи и кьуэхэм я Іыхьэр зэрыхэкІар. ИтІанэщ арэзы щыхъуар юлхоз мыгъкум щыщу кьрашэлІар ишхыну. Дэри дызыщІапІыкІар ащІу.

Ди адэр 1958 гъэм дунейм ехьжащ. Хэку зауэшхэр кьхъкъейри абы и кьуэш ФІыщІэ биём пэщІэуэхаэм яхтащ. ЛІыхъужьыгъэ хэпъу зэрыпхъуакІуэзм ар еззуащ, арщхьэкІэ зауэр нуха пэтми, кьэмыкІуэжу зыкъомрэ дыпэпІащ. Дауи, псори дыгуазавэрт. Ар щитъагъум ди анэшхуэм чэнджэщ кьыдитащ ФІыщІэ кьэкІуэжьи папщІэ Алыхьым щІэ-щІэкьурэ дельэІуну. ГуфІэгъуэшхуэ т ар кьыщыхьтхьхьэжа 1947 гъэр. Анэшхуэми мыувыІэу жиІэрт ди тхьэпхъуэм и фІыгъэкІэ ФІыщІэ кьытхьхьжаэ. Нобэми абы дызыщІипІыкІахэр гум ильщ, щІэблэр зыхуэдущІийри аращ: фІы дыхуэзэм Алыхьым шыкур худощІ, Іей кьыдэуалІэмэ, Кьыштщхьащытым и гущІэгъум дыщІолъэІу.

Нобэ сытепсэлъыхьыну сыхуейт дунейм ехьжам тракъэІуадэ мыгъкум. Абы куэд тражьІыхьащ, арщхьэкІэ Іужум зэхъуэкІыныгъэщхэу игъэтауэ сльагъурыкъым, аращ кьыщІытезгъэзэжьыр. КьыззэрыслъытэмкІэ, ЛІам быльым куэд хуэбгъкІкІэ и гуэныхьым хэщІыныкъым, и псапэмэ хэхъуэнукъым. Сэдэкъэм абы и псэр щІыгуфІыкІыфын кьудеІуэу аращ. Уи ЛІам и псэр ягъэгуфІэну хуейм, абы кьыщІэнахэр зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу дунейм щрепсэу, мусльымэн махуэ лъапІэхэр ирагъэхъэ.

Гур хощІ зыр адрейм ехьэхуэуэрэ сэдэкъэр мыгъкУ зэпеуэ зэращІри щыпІгъуэкІэ. Ар исльам диным имыгъэдахэхэм ящыщщ. Сэ слъэкІатэмэ, мыгъкУ зи куэдми тхъэмыщкІэм хэхъэфІэкІынУм хуэдиз фІэкІа сэдэкъэм и деж къезгъэІэтынтэкъым. Хьунт, уи ЛІам куэду хуэпщІэкІэ и гуэныхьым хэщІу щытамэ. Аршхьэкъэ абы апхуэдэ мыхъэнэ иІэкъым. Дунеим уэзрытетам елъытащ уи ахърэтыр зэрыхьунури. Аращи, гу кьабзэр псэ кьабзэу дыбгъэпсэу.

Сыкьапщтэмэ, сыарэзыкъым дунейм сехьжа нэужькІэ исльам диным кьыгъэувым и лей кьыслхущІэну. Алыхьтаэм солъэІу щыуагъэ сІэщІэкІамэ, кьыслхунгъэ-гъуну, псапэ зэпжьамэ, игъэбгъэуну. Тэмэму кьызолъытэ дунейм ехьжам и хьэдэІусым и деж зы Іэщщыхуэу яукІрэ абы кьрихьэлІаХэм Іуагъахуэмэ. Лы Іыхьэ къехъэкІыныр щыдгъэзыжыну и чэзу хьуащ. Іэщ яукІам кьыдэхуам щыщ гъунэгъум, Іыхьлым, благъэ нэхьыжь кьемыкІуэлІэфахэм, кьулейсыхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, жьы хьуахэр, сабий зеиншэхэр щапІыж унэхэм хуагъэщ хъунущ. Сэдэкъэр махуэ пІыщІти, щэ ныкъуэрэ тІути, илъэс ныкъуэтІи, илъэсти жаІэу апхуэдизрэ щІащІыж щыІэкъым. ЛІар дунейм зэрехьыкрэ махуищ дэкІа и уажьКІэ, ар зыфІэкІуэдахэр щыхуэжьэзырым и деж, зэ кьрахьэжьэмэ аращ. Ягу мызэгъамэ, илъэс дэкІа и уажьКІи зы мэл ираукІи, яфІэкІуэдам Тхъэ хурелъэІу. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр динми кьезэгъыщ, Іыхьлыхэми нэхъ кьатемыхьэлъэу зэрыщытымум щэм хэлъкъым. Зэи едвмыгъэгъэлей, абы фІы кьиІэркъым.

ХЬАЛИЛ Гришэ.
Курп Ищхъэрэ къуажэ.

●Шэшэн Республикэ

«Шэшэным и гур» - апхуэдэ щІэ дахэ фІащащ Грозный кьалэм дащІыхьа мэжджытым.

2011 гъэм и махуэ лъапІэхэр

♦ЩыщхьэІум (августым) и 1-м - нэщІ мазэм щІедзэ.
♦ЩыщхьэІум и 26 - 27-м и жэщыр - къэдэр жэщщ.
♦ЩыщхьэІум и 31-р - фокІадэм (сентябрым) и 2-р - НэщІикІыж хьидщ.
♦ЩэкІуэгъуэм (ноябрым) и 6-р - хьэжыщІщ.
♦ЩэкІуэгъуэм и 7 - 9-хэр - КъурмэН хьидщ.
♦ЩэкІуэгъуэм и 27-м - муслЫмэн махуэрыбжэмкІэ 1433 гъэр къохьэ.
♦Дыгъэгъазэм (декабрым) и 6-р - ІэшырыІщ.

Гу зылъытапхъэ: мазэр къыщІэкІкІи елъытауэ мы махуэхэм зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр яГуэтынкІэ хъунущ.

ВЭРОКЪУЭ Владимир

Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщIэ тхьалъэIу

Романым щыщ пычыгъуэхэр

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №№5,7-11-хэм ятщ).

- Къуэш, зиусхьэн, бдзэжьей лэпсыр хьэзыр хъуащ.

Зы бжьэ щIыгъуу бдзэжьей лэпсыр фащ, пхъэ дзасэ псыгъуэм фIэлъу дэпкIэ гъэжьа бдзэжьей къуэлэнкI зыгъэгъэнкIыжьа нэужь, абы кьыбгъэдохьэ Хьэмзэт:

- Папщэщ дежьэжрэ, зиусхьэн?

Крюге йогупсыс: махуэр хэкIэтащ, цIыхухэр шхынымрэ зэфа градэмрэ хьажьпIыкIь ящIащ. Хэт жещым мэз мыщIыхум хьихьэр?

- Зыдгъэпсэхуэ зыдгъэпсэху, - ещI унафэ инэралым. - Пхъэ куэду зэвгъэпэщ. Нэхущым гуэуту дытехьэнщ.

Пщэдджыжьым абы Хьэмзэт гуэрыр кьыбгъэдохьэ:

- Зыгуэр зэпымыуу я кьыгкIэлъполъ.

- СощIэ, Мывэ Лъэшымыжьем дежь щыщIэдзауэ дбгъуриту кьыбгуэхэр.

- Сыт тщIэнур?

- Зыри. Зэран кьытхуэхьуну хуеяхэрэ, ГъэщIэщIат дыззэрыIуапIэрэ. Куэд хуей кьуэфэкьуэхэр, гъуэгум е мэз дыдэм кьыщытпэ-тIысьын щхьэкIэ?

Кьыйуохьэ Тихонм.

- Зыгуэрхэр кьыткIэлъыпльу жеIэ Хьэмзэт.

- Зи щIыхьыр ин, си къэзакъхэм кьахутащ кьыдгъэрыгу наиду я ныбжьхэр эпхэтыр. Монахэщ зыгуэр. Ящыщ зы кьадгъуэн я гуГъат си щIыхуэм «Фых эт, фысыт, зи Iэжу зефхэр сыт?» - жаIэу апкърыупщIыхьыну, ях уэз дакъым адрмыхъуМэ.

- Тэмэму пщIащ. Я гугъу фымыщI.

... Махуэр щэджагъуэм нэблэгъауэ, Хьэмзэт и щыр кьрехуIэ:

- Iуащхьэм докIуалIэ, зиусхьэн.

- Сыт Iуащхьэ? - зэуэ кьыгурыIуэркъым Альфред Оттович.

- УэдэкIу Iуащхьэм, зиусхьэн.

- Дауэ хьун? - егъэщIагъэ Крюге, Iуащхьэм нэсыным гурэ псэжIэ хуэпабгъэ пэтIим ирдI и щым йолъэдкъауэ. Куэд дэмыкIыу аехэр яльэщIохьэ апэ ит шууеипщIым. Мис, кьэ куум адэжI кьыщытщ апхуэдизу зыкъэIащIэ бгыр.Ар шитX кIыхьу йокIуэжI, льагъэ дыдэкъым ирдI лъахъшэкъым. Метр минитI хуэдизкIэ уэгум етащ.

Шухэм кьуэбжьым ижьыбрабгъу лъэныкъэмкIэ кьыщыпакIуэх. Сэмэгурабгъу лъэныкъуэр блыным хуэдэу джафэ кьыбрым зэхуеIащ.

- Пльагъурэ, зиусхьэн, зишыхьурэ бгым льагъэ декIуэжI льагъуэр?Ар бгым и кIуэщым иохьэр, кьулъшырыфым йокIуалIэ. Щыхухьу кьулъшырыфым.

- Щыхуб кьулъшырыфи щыIэ?

- Щыйщ. Щы зэ илъыгъуэ хуэдизкIэ мобы пэжьжьэу. ГъэщIэгъуэнраши, кьулъшырыфэр апхуэдизу яухуащи, монахэхэм я щIыпIэм гъэнэгъу уцIыхуэхьуIкIэ, Iуэ-льаеу щыкIу дыдэри джэрпэджэжьшхуэзу абыхэм я деж щоIу.

- Ар дауэ?

- СщIэркъым. Езыхэм ябэщI, дэ дэнэ щытщIэн?

- Феплъыт, феплъыт, - Тихон и Iэпэр кьуэмкIэ еший. - Фльагъурэ мо щIыхуэхэр...

Пэж дыдэу, зыр адрейм и ужь иту щIыхуэхэр кьыкIуокI, блокI, быным кьуохьэж... Я хуэпэнэIкIэ, монахэхэщ. Зы, тIу щы, пIы... Дэтхэнэми зы меданкIэ зыкъегъэльагъуэ, апхуэдэ дыдэуи мэбзэхьэж. Етхуанэр кьыщыкъуэжIкIэ, къэзакъ гъэрым фочыр зыпщIэ-хепхьуэт, арщхьэкIэ Хьэмзэт зедзри, фочыпэр щым хегуэ, ардыдэмкIи монахэр ажалым кьрегъэл. Къэзакъ фочым уб эзащIуэ ищIэркъым.

- Сыт пщIэр, къэзакъ? - Хьэмзэт и нитIым уафэ-хьуэпскI кьыщIех.

Ауэ, кьэхъуа щымыIэм ещхьу, зэпымыууэ щыхуэхэр зэкIэлъхьэужьу кьыкьуокI, мэбзэхьыж. Зэман гуэр докIри, зэблэкIыр мэувыIэ.

- ДыкIуэн хуейщ абыхэм я деж, - жеIэ Тихон. - Сэ лIыкIуэ сыфщI.

Хьэмзэт инэралым бгъэдохьэри, псынщIэрыпсальэу адыгэбзэкIэ жреIэ:

- Тихон щIэкIуэн щыIэкъым. Абы жиIэр кьагурыIуэнкъым. Сэ сыгъакIуэ. Ар Тихон кьепсэлъэнукъым.

- Хэт кьемыпсэлъэнур?

- Мис а уэ зи деж укIуэр, пщы дотэ, - и напIэ мыужьигуу жэуап кьет Хьэмзэт.

- Сэ кьуэлыпырыфи сепIлъы сыкIуэу аркъуфейщ. Аркъудейщ, - зытригъэхэркъым Крюге.

- УэзрыфIэрщ, зиусхьэн.

- Хьунщ. КIуэ монахэхэм я деж. ЯжеIэ КIей дигу илъу дыз-

Адыгэ шууей.
СурэтырОрловский Алексей ящIащ. 1830 гъэ

кьыззэрымыкIуар. Драгъэгъэблагъэ. ФIыкIэ...

И щхьэм кьыщыщIэдзауэ и лакьу эм нэс Iэщхьэ зэщIэзэда Хьэмзэт и бгым илъ кьамэм фIэкIа кьимыгъанэу псори зыкIэрехри, упльэмэ пльагъу Сэрей-Iуащхьэмкъ ирдI и шым йольэдкъауэ. Куэд дэмыкIыу аехэр яльэщIохьэ апэ ит шууеипщIым. Мис, кьэ куум адэжI кьыщытщ апхуэдизу зыкъэIащIэ бгыр.Ар шитX кIыхьу йокIуэжI, льагъэ дыдэкъым ирдI лъахъшэкъым. Метр минитI хуэдизкIэ уэгум етащ.

Шухэм кьуэбжьым ижьыбрабгъу лъэныкъэмкIэ кьыщыпакIуэх. Сэмэгурабгъу лъэныкъуэр блыным хуэдэу джафэ кьыбрым зэхуеIащ.

- Пльагъурэ, зиусхьэн, зишыхьурэ бгым льагъэ декIуэжI льагъуэр? Ар бгым и кIуэщым иохьэр, кьулъшырыфым йокIуалIэ. Щыхухьу кьулъшырыфи щыIэ?

- Щыйщ. Щы зэ илъыгъуэ хуэдизкIэ мобы пэжьжьэу. ГъэщIэгъуэнраши, кьулъшырыфэр апхуэдизу яухуащи, монахэхэм я щIыпIэм гъэнэгъу уцIыхуэхьуIкIэ, Iуэльаеу щыкIу дыдэри джэрпэджэжьшхуэзу абыхэм я деж щоIу.

- Ар дауэ?

- СщIэркъым. Езыхэм ябэщI, дэ дэнэ щытщIэн?

- Феплъыт, феплъыт, - Тихон и Iэпэр кьуэмкIэ еший. - Фльагъурэ мо щIыхуэхэр...

Пэж дыдэу, зыр адрейм и ужь иту щIыхуэхэр кьыкIуокI, блокI, быным кьуохьэж... Я хуэпэнэIкIэ, монахэхэщ. Зы, тIу щы, пIы... Дэтхэнэми зы меданкIэ зыкъегъэльагъуэ, апхуэдэ дыдэуи мэбзэхьэж. Етхуанэр кьыщыкъуэжIкIэ, къэзакъ гъэрым фочыр зыпщIэ-хепхьуэт, арщхьэкIэ Хьэмзэт зедзри, фочыпэр щым хегуэ, ардыдэмкIи монахэр ажалым кьрегъэл. Къэзакъ фочым уб эзащIуэ ищIэркъым.

- Сыт пщIэр, къэзакъ? - Хьэмзэт и нитIым уафэ-хьуэпскI кьыщIех.

Ауэ, кьэхъуа щымыIэм ещхьу, зэпымыууэ щыхуэхэр зэкIэлъхьэужьу кьыкьуокI, мэбзэхьыж. Зэман гуэр докIри, зэблэкIыр мэувыIэ.

- ДыкIуэн хуейщ абыхэм я деж, - жеIэ Тихон. - Сэ лIыкIуэ сыфщI.

Хьэмзэт инэралым бгъэдохьэри, псынщIэрыпсальэу адыгэбзэкIэ жреIэ:

- Тихон щIэкIуэн щыIэкъым. Абы жиIэр кьагурыIуэнкъым. Сэ сыгъакIуэ. Ар Тихон кьепсэлъэнукъым.

- Хэт кьемыпсэлъэнур?

- Мис а уэ зи деж укIуэр, пщы дотэ, - и напIэ мыужьигуу жэуап кьет Хьэмзэт.

- Сэ кьуэлыпырыфи сепIлъы сыкIуэу аркъуфейщ. Аркъудейщ, - зытригъэхэркъым Крюге.

- УэзрыфIэрщ, зиусхьэн.

- Хьунщ. КIуэ монахэхэм я деж. ЯжеIэ КIей дигу илъу дыз-

Адыгэ шууей.
СурэтырОрловский Алексей ящIащ. 1830 гъэ

кьыззэрымыкIуар. Драгъэгъэблагъэ. ФIыкIэ...

И щхьэм кьыщыщIэдзауэ и лакьу эм нэс Iэщхьэ зэщIэзэда Хьэмзэт и бгым илъ кьамэм фIэкIа кьимыгъанэу псори зыкIэрехри, упльэмэ пльагъу Сэрей-Iуащхьэмкъ ирдI и шым йольэдкъауэ. Куэд дэмыкIыу аехэр яльэщIохьэ апэ ит шууеипщIым. Мис, кьэ куум адэжI кьыщытщ апхуэдизу зыкъэIащIэ бгыр.Ар шитX кIыхьу йокIуэжI, льагъэ дыдэкъым ирдI лъахъшэкъым. Метр минитI хуэдизкIэ уэгум етащ.

Шухэм кьуэбжьым ижьыбрабгъу лъэныкъэмкIэ кьыщыпакIуэх. Сэмэгурабгъу лъэныкъуэр блыным хуэдэу джафэ кьыбрым зэхуеIащ.

- Пльагъурэ, зиусхьэн, зишыхьурэ бгым льагъэ декIуэжI льагъуэр? Ар бгым и кIуэщым иохьэр, кьулъшырыфым йокIуалIэ. Щыхухьу кьулъшырыфи щыIэ?

- Щыйщ. Щы зэ илъыгъуэ хуэдизкIэ мобы пэжьжьэу. ГъэщIэгъуэнраши, кьулъшырыфэр апхуэдизу яухуащи, монахэхэм я щIыпIэм гъэнэгъу уцIыхуэхьуIкIэ, Iуэльаеу щыкIу дыдэри джэрпэджэжьшхуэзу абыхэм я деж щоIу.

- Ар дауэ?

- СщIэркъым. Езыхэм ябэщI, дэ дэнэ щытщIэн?

- Феплъыт, феплъыт, - Тихон и Iэпэр кьуэмкIэ еший. - Фльагъурэ мо щIыхуэхэр...

Пэж дыдэу, зыр адрейм и ужь иту щIыхуэхэр кьыкIуокI, блокI, быным кьуохьэж... Я хуэпэнэIкIэ, монахэхэщ. Зы, тIу щы, пIы... Дэтхэнэми зы меданкIэ зыкъегъэльагъуэ, апхуэдэ дыдэуи мэбзэхьэж. Етхуанэр кьыщыкъуэжIкIэ, къэзакъ гъэрым фочыр зыпщIэ-хепхьуэт, арщхьэкIэ Хьэмзэт зедзри, фочыпэр щым хегуэ, ардыдэмкIи монахэр ажалым кьрегъэл. Къэзакъ фочым уб эзащIуэ ищIэркъым.

- Сыт пщIэр, къэзакъ? - Хьэмзэт и нитIым уафэ-хьуэпскI кьыщIех.

Ауэ, кьэхъуа щымыIэм ещхьу, зэпымыууэ щыхуэхэр зэкIэлъхьэужьу кьыкьуокI, мэбзэхьыж. Зэман гуэр докIри, зэблэкIыр мэувыIэ.

- ДыкIуэн хуейщ абыхэм я деж, - жеIэ Тихон. - Сэ лIыкIуэ сыфщI.

Хьэмзэт инэралым бгъэдохьэри, псынщIэрыпсальэу адыгэбзэкIэ жреIэ:

- Тихон щIэкIуэн щыIэкъым. Абы жиIэр кьагурыIуэнкъым. Сэ сыгъакIуэ. Ар Тихон кьепсэлъэнукъым.

- Хэт кьемыпсэлъэнур?

- Мис а уэ зи деж укIуэр, пщы дотэ, - и напIэ мыужьигуу жэуап кьет Хьэмзэт.

- Сэ кьуэлыпырыфи сепIлъы сыкIуэу аркъуфейщ. Аркъудейщ, - зытригъэхэркъым Крюге.

- УэзрыфIэрщ, зиусхьэн.

- Хьунщ. КIуэ монахэхэм я деж. ЯжеIэ КIей дигу илъу дыз-

- Уи гъусэу Хьэбалэ нырекIуэ, зиусхьэн. Хуит сыкьэпщIмэ, сэ мыбдеж сыкьэнэнуц. Iэщэр зыпщIэхэсхынукъым. Ар сльэмыкIынщ...

Крюге и щхьэр ещI. Хьэбалэ, фIэмыкIыщIэурэ, фочыр зыпщIэхэм, сэшхуэр ибг ирехри, Хьэмзэт хуеший.

- Мыри, - Крюге къамэм Iэпэр хуеший.

- Къамэр Iэщэкъым, - идэркъым Хьэбалэ.

Монахым я нэхъыжьым инэралым дежьэ Iэ зегъаазэ:

- ЗыщIремых. Абы гуэныхь пылъкъым.

Куэд дэмыкIыу Крюге кьулъшырыфм и пырхьуэ кIыхьым тохьэ, Блынхэр кьащхьэуэ лащ. Даущынщэщ ихьурегъыр, уигъэшынэу. КIэлыпIэр кIыхьыр нэхъ бгъуэ щыхьым деж мывэ жор абрагъэрэ щылъщ. Нуру бгъэ у эздыгъэ зм ягъэнэхуу, уеплькIэ кэущIэгъуейщ ар мыбдежьым кьыщыхьуIыщIкIэрэ хьэзыру кьаШарэ. ГъэщIэгъуэ кIыльндору, щIэкIыпIэ-щIыхьэпIэу, пэш зэв щIыкIуу мыбы щыIэр зыхуэдизыр. БгъуэнщIагъым хуиту, зумыгъэщхьыу кьыщIкIуэхь мэхъу.

- Мыбыкъэ фынакIуэ, - хьэщIыгъуэ ирехри зыщIэщ жеIэ гъуэгугъэльагъуэм, абы щыгъуэми Хьэбалэрэ Тихонрэ я гупэм кьоувэ, апэкIэ имыгъакIуэ.

И гур кьиIльэту Крюге бжэщхьэIум йобакъуэ. ЗыщIыхьа пэшыр зы щIыхуэкIэ щIыкIуу абы кьыщIыхьуркъым. Ар кьабэзэльабзэу зэщIэжьауэ, блынхэр, кьащхьуэ мыхъ уу, нэхутхьэхуу кьиIлыкIащ. ГъуэлъпIэ бгъуфIэ, тхьилъ телъкъэпIэ дапуэ, щэху, уэщIэщIэр зи пащхьэ щыбIэ тхьэнапэ закъуэ. - Уэщрей Георгий и тхьэнапэр - арат пэшым щIэльыр зэрыхьур. СтIолым пэрыст фIыцIэ защIэкIэ хуэпа лIы. Кьулъшырыфм и тетыр.

Крюге щытщ щыму, куэдыуэрэ щытауэ пIэрэ жыпIэну. ИкIэм кьулъшэ уапIэ тетым жеIэ:

- ЩхьэущIм?

- ЩIыкIыр фIыуэ пльагъуэмэ, куэдым фIыуэ укъальагъунщ, - жэуап ет Ефрем Сиринэ и псальэхэмкIэ.

- Уэ Уэщрей Ефрем и дерсхэм ущыгъуазэ? - егъэщIагъуэ игуменым.

- Эдессэ щыщ сирийскэ еджагъэщхуэм мы и псальэхэр сыт и уасэ: «ЦIыхур и щхьэ щыгугъыжьынщыр шынагъущ, ТхьэщхуэМ щыгугъыр кьелынщ».

Кьулъшырыфтетым щыму и щхьэр ещI, итIанэ, щIогуфIыкIри кьоупщI:

- Ара-тIэ дзэ псо кьыщыздэпшар?

- Сэ, урыс инэралыр, сыхуитыкъым щIыпIэ мыцIыхухэм хьэужьауэ симыбIэу сыкIэну. Аркъудейщ.

- Арауэ щрет, - арэзы мэхъу бысымыр.

ИтIанэ кьулъшырыфмрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ кьапльыхь: пэш щIыкIуэхэр, шхапIэр, члисэр, тхьилъ хьумапIэр... ПщIантIэ кIуэцIыр псысэм хуэдэт - благъэ дыдэу кьурш сыдж льагъэжям ятель мылымрэ уэсымрэ дыгъэм полыд, абдеж дыдэм хадэхэкI хьэсэхэр кьыщыльщ, пэрымэ даэхэр щызэхэтщ, адэIуэкIэ уIуэкIуэтмэ, жыг хадэщ, бжьаIуэщ.

Пэрымэ гъэгъаэр зэрыт хьэсэр фIанэкIэ лIыжь гуэрым епщэ, щетхъэ, и гуп и псэ зэпыкIхьэу.

Крюге щIэр езы дыдэм имыщIэжу, ауэ кьару нэрымыльагъу гуэр кьыщIэрыIам ещхьу, абы дежкIэ мэбакъуэ, ищIа щэчым и гур кьрегъэльэт. «Сыт кьысщыщIар?» - йогупсыс инэралыр.

ЗэхэщIэкIар **МЭЗЫХЬЭ Борисэ.**
(КъыкIэльыкIуэнуц).

Сурэтыр **СВИРИДЕНКЭ Татьянэ** *трихащ.*

Сабийхэм я гуфIэгъуэ

Художник-модельер Сэралъп Мадинэ, «Горянка» газетыр, «Прайм» рекламэ агентствэр, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и режиссер нэхъыщхьэ Гумэ Маринэ сымэ и дэIэпыкъуэгъуу илъэс кьэс ирегъэкIуэкI «Мир в ладошке» зыфIаща псапащIэ Iуэху дахэ. Абы и ныбжьыр илъэпIэ 32 щрикъум ирихьэлIэу я гъэхьэзыра пшыхьыр тхьэмахуэ махуэм зэхэтащ. Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм сабийхэмрэ балигъхэмрэ щIэзт. ныбжьыщIэхэм хуэхахыу дуней тельыдэм «кьыщыхутауэ».

2007 ГЪЭМ ирагъэжьа Iэхэр хуэгъэзащ адэанэм ямыпIыж сабийхэм, ныкъэудыкъуэхэм, дэIэпыкъуэгъуу хэуныкъуэ унагъуэхэм кьыщыхъуэхэм защIэгъэкъуэным. Мы Iуэхум кьыпэкIуэ ахъшэр абыхэм ират, зэIущIэм кьекIуалIэхэм кьыздахь зэрыджэгу хьэпшыпхэр и гъусэу.

Пшыхьым кьрихьэлIа щIыкIуэм я дыхьэшхмахъмрэ гуфIэгъуэгу яIамрэ кьигъэльагъэрт «Мир в ладошке» зыфIаща Iэхэм мы-хьэнэуэ иIэр. Ар езыгъэкIуэкIа Гумэ Маринэрэ абы и гъуса клоунитIымрэ сабийхэм ядэуэрщэрыт, ягъэджэгурт, фIымрэ емрэ зищIысыр «зыщIэгъэщIкIуэ» упщIэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыхуагъазэрт. Iэгу еуэу, зи льакъуэ щIыкIуэхэр тезыгъауэу, кьыщылъэтурэ упщIэхэм жэуап ешт сабийхэм я нэгум гуфIэгъуэгу кьищыр пхужымыIэным хуэдизт.

ГъэщIэгъунт кьафэм и «Каллисто» театрым и гуп нэхъыщIэм хэтхэм, гъуэзджэхэмкIэ сабий еджапIэ №1-м, эстрадэ спорт кьэфэкIэмкIэ «Солнышко» ансамблым я гъэсэнхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр. «Чародеи» студиемрэ гъуэзджэхэмкIэ сабий еджапIэ №1-м и «Модэм и театрымрэ» щыгъэныгъуэ гъэщIэгъуэнхэр, щхьэхъеIэпIыкIэхэр кьыщэхуэсахэмрэ ирагъэльэгъуащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджьыкIуэхэу Иирэ, КъБКъУ-м и къафэмрэ уэрэдымкIэ и «Амикс» театрым хэтхэу Хьусин Анзоррэ Бэрэч Iэмырыхьанрэ, Алий Аринэ, Хачкизовэ Бэллэ сымэ.

Апхуэдэуи, хабзэ зэрыхъуауэ, зэIущIэм я щIэ кьыщIаIуащ «Горянка» газетым иригъэкIуэжIа «Пщащэ дахэ-2010», «Сабий гъуэлупфэ-2010» зэхьэзэхуэхэм щытекIуэхэм. Аха Гупповеэ Танзиля, Собаншыкъ Идаррэ Пау-рэрэ сымэщ. Газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанакъуэ Заринэ гуапэу ехъуэхъуащ япэ увыпIэхэр къэзыхьакэм. Апхуэдэуи фIыщIэ яхуищIащ ирагъэкIуэжкI псапащIэ Iуэхум илъэс кьэс хэтхэу КъБР-м и Парламентым и депутат Iэпщэ Зауррэ «Прайм» рекламэ агентствэм и унафэщI Шыхьуэстэн Оксанэрэ.

Сэралъп Мадинэ кьыщыпсалъэм жиIащ «Мир в ладошке» Iуэху дахэр илъэситху зэрырикъуар, абы япэу хэта цIыкIуэхэри кьызэрыдэкIуэтэрэр.

- Гуапэщ зэIущIэм цIыкIу дыдэхэри кьашэ зэрыхъуар. Уафэ кьащхьэр я щIегуу, ахэр мамыру псэуну ди хьэпсапIэщ, - жиIащ Мадинэ. - Сэ сыхуейщ пшыхьым кьрихьэлIахэр дызэрызэрыIыгъым мыхьэнэшхэу зэрИэр псомэ кьыдгурыIуэну.

БЛИЙ Даянэ.

Илъэсыщ Iэ гуапагъэм пещэ

Республикэм и школ-интернатхэм я гъэсэнхэм ильэсыщ Iэ зыгъэпсэхугъуэр я унэм щагъэкIуащ. Ауэ абыхэм я адэ-анэхэм я нэхьыбэм мылькур кьаззремэщIэкIым кьыхэкIыу саугъэтхэмрэ Iэфыкъэхэмрэ я сабийхэм кьыхуащхьуфыркым.

УРЫСЕЙ ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм Социальнэ Iуэхуцапl эхэм щаIыгъ, хуэмыщIа, унагъуэ гугъуэхэм кьахэкIа сабийхэм, яхуэзфIэкIымкIэ защIигъэкъуэну яэрдэм ящIащ. Абыхэм ящыщщ Бабугент кьуажэм дэт КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и «Школ-интернат №10»-р

УФСБ-м и пресс-Iу зэхущIапIэм и лэжьакIуэ Боровинская Наталье щыгъуэзэ дыззэрищIамкIэ, щынагъуэнщагъэкIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм кьыхальхьа эхэрдэмыр даIыгъащ Къэбэрдей-Балькъэр хэгъэл университетым и студентхэм. Псапащ Iэ Iуэхум хэтахэм интернатым ЖКГ-телевизор, IуэхущIапIэм и гъэсэн щIыдкIуэм Iэфыкl эхэр ирагъэкIа. Апхуэдэу студентхэм кьызэрагъэпэща концертым сабийхэм я нэгу зригъэужьащ, я гукъыдэжьыр кьиIэтащ.

Школ-интернатым и унафэщI Мокаев Лэкъуэмэн гулыитэр кьызыбгъэдэкIа-хэм фIыщIэ яхуищIащ икIи кьыхихгъэщащ апхуэдэ концертхэр иужьу щалъэтъуар я гъэсэнхэм эращагъэпIуащэжар, спонсорэр Бабугент зэ ззэмызэ фIэкIа зэрыпэмысыр.

Интернатым и гъэсэнхэм хьэщIэхэр ирагъэблагъащ сабий я дунаем ящагъэр псэ зэIуакIэ. Абыхэм студентхэр апхуэдизкIэ дахьэхати, зэбгъэдэкIыжьгъуафIэтэкъым икIи мыгувэу кьытрагъэзэну цIыкIуэр кьагъэгугъащ.

УЭРДОКIУЭ Ланэ.

● ГущIэгъуншагъэ

Псори фыхьхьэ!

**Урысейм и ищIэ лъэныкъуэм и социальнэ модерат орэмрэ Ищэ щIыналъэ и Предгорнэ кIуэм уи акъылым кьыщхуэмытIасэ бздащэ-наджагъэхэр зэрызыхагъэщIыхьым жылагъуэм гу лъэрагъэтIыным, гъэщIэгъуэнрэ зэрыщIэ-хьэ-щIэ-хьэ-щIэ-хьэ-щ